# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## “2021-жылдың жаз мәўсиминде балаларды дем алдырыў ҳәм саўалландырыўға таярлықлар көриўде жуўапкер хызметкерлерди белгилеў ҳәм олардың жуўапкершилигин арттырыў ҳаққында”

Балалардың дем алыўларын шөлкемлестириў ҳәм саўалландырыў бойынша тийисли ис-илажларын ислеп шығыў, олардың әмелге асырылыўын турақлы қадағалаў ҳәм мониторингин тәмийинлеў бойынша 2021-жыл 26-марттағы “Республикалық Муўапықластырыўшы топары”ның 01-08/10-03/140-санлы мәжилис баянламасын ҳәмде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-апрельдеги 124-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. “Республикалық Муўапықластырыўшы топары”ның 01-08/10-03/140-санлы мәжилис баянламасы ҳәм де Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң- 2021-жыл 26-апрельдеги 124-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. **2021-жылдың жаз мәўсиминде балаларды дем алдырыў ҳәм саўалландырыўға таярлықлар көриў ҳәм де жаз мәўсимин жоқары дәрежеде өткериў бойынша** Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң исши (кейинги орынларда исши топар деп жүритиледи) топары қурамы 1-қосымшаға, балаларды дем алдырыў ҳәм саўалландырыў орайларына әмелий ҳәм методикалық жәрдемлер көрсетип барыўшы исши топары қурамы 2-қосымшаға, жаз мәўсими даўамында балаларды дем алдырыў ҳәм саўалландырыў орайларының жумысларын турақлы түрде қадағалап ҳәм жетилистирип барыўшы штаб қурамы 3-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. **Министрликтиң исши топары (Ш. Таджимуратов)на:**

Усы жыл 1-июнь сәнесине шекем Қарақалпақстан Республикасы кәсиплик аўқамы шөлкемлери бирлеспеси Кеңеси менен биргеликте мәўсим даўамында дем алыў орайларында жумыс алып барыўшы педагог хызметкерлердиң тийкарғы жумыс орнынан мийнет дем алысына шыққанлығын, мийнет дем алысы дәўиринде педагог хызметкерлердиң дем алыў орайларында жумыс алып барыўы ушын шеберлигин арттырыў мақсетинде методикалық қолланбалар ҳәм сертификатлар менен тәмийинленгенлигин, оқыўшы жаслар менен ислесиўди нәтийжели шөлкемлестириўде мәдeният, көркем-өнер, китапхумарлық, спорт, хабар-технологияларына болған қызығыўшылықларын арттырыў, оқыўшы қызларды социаллық турмыс тәризине таярлаўға бағдарланған **5 әҳмийетли басламаны** әмелге асырыўда тийисли шәраятлар жаратылғанлығы, барлық дем алыс орайларында көшпели китапханалар шөлкемлестирилгенлиги, олардың Өзбекстан Республикасы Президенти шығармалары, көркем әдебиятлар, газета ҳәм журналлар менен байытылыўы, жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў мәкемелери менен келисилген ҳалда дем алыс орайларында шөлкемлестирилиўи

режелестирилген шет тили дөгереклерин тәжирийбели қәнигелер ҳәм де оқытыўшы-студентлер менен тәмийинлеў бойынша қадағалаў орнатыў ўазыйпасы жүкленсин.

4. **Руўхый әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими** (Р.Танирбергенов)**не:**

2021-жылғы жаз мәўсимин жоқары дәрежедеги шөлкемлескенлик пенен өткериў мақсетинде дем алыс орайлары ушын тийисли тарқатпа материалларды (методикалық қолланбалар, уранлар), дөгереклер ушын керекли болған әсбап-үскенелерди, зәрүр канцелярия өнимлерин ҳәм де шийки затларды жеткерип берилиўин тәмийинлеў ўазыйпасын жүклетилсин.

5. **Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм тәмийинлеў, имарат қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекетлик-жеке шериклик бөлими** (И.Балтабаев)**не**:

Халық билимлендириў министрлигине қараслы стационар дем алыў орайларының жаз мәўсимине таярлығын (жеңил оңлаў жумыслары), толық жумыс алып барыўын тәмийинлеў мақсетинде техника ҳәм өрт қәўипсизлиги, ишимлик суўы, электр энергиясы, тәбийғый газ бенен турақлы түрде ислеп турыўын тәмийинлеў ўазыйпасын жүклетилсин.

6. **Билимлендириў мекемелеринде қәўипсизлик ҳәм балалар саламатлығын тәмийинлеў, саламат аўқатланыўды шөлкемлестириў секторы** (С.Хабипов)**на:**

Барлық дем алыў орайларының ашылыў күнине шекем санитариялық-гигиеналық талаплардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы санитариялық-эпидемиологиялық тынышлық орайы менен биргеликте медицина ханасы, асхана, жатақхана, китапхана, дөгерек ханалары, спорт майданшалары ҳәм шомылыў бассейнлериниң талап дәрежесинде таяр ҳалда болыўын тәмийинлеў;

2021-жыл 1-июнь сәнесине шекем дем алыў орайында жумыс ислеўши хызметкерлердиң медициналық көриктен өтиўин ҳәм "Covid-19" инфекциясының алдын алыў мақсетинде тест тапсырыўын ҳәм де медицина дәптершелериниң дем алыў орайы шыпакерине толық тапсырлыўын қадағалаў;

дем алыў орайының кирер жеринде медицина хызметкерлериниң антисептик, пирометр менен тәмийинлениўин, ҳәр бир гезекте балаларды қабыллап алыўда санитариялық-гигиеналық талапларға қатаң әмел етилиўин, ҳәр күнги азық-аўқат өнимлериниң белгиленген орынларда дурыс сақланыўын, дем алыў орайында жумыс ислеўши барлық хызметкерлердиң орайларға кирип-шығыўында дене температурасы өлшенип, күнделикли дәптер жүритилиўин тәмийнлеў ўазыйпалары жүкленсин.

7. **Министрликтиң сабақлықлар ҳәм әдебиятлар секторы** (С.Юсупов)**на:**

жаз мәўсими даўамында дем алыў орайларында балалардың бос ўақытларын мазмунлы өткериў ушын көшпели китапханалар жумысларын шөлкемлестириў, оларды Өзбекстан Республикасы Президенти шығармалары, көркем әдебиятлар, газета ҳәм журналлар менен тәмийинлеў;

ҳәр бир гезек даўамында оқыўшылардың қызығыўына қарап китапханлық таңлаўларының өткерилиўин тәмийинлеў ўазыйпалары жүкленсин.

8. **"Ёшлик" дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети** (Б.Байниязов)**не:**

дем алыў орайларында балалардың денсаўлығын беккемлеў ҳәм бос ўақытларын мазмунлы өткериў мақсетинде спорт инвентарлары менен тәмийинлеў ҳәм ҳәр қыйлы спорт жарысларын өткерип, балаларды хошаметлеў

9. **Хабар коммуникация технологияларын енгизиў ҳәм раўажландырыў бөлими** (Р.Худайбергенов)**на:**

дем алыў орайларында балалардың қызығыўына қарап бос ўақытларын мазмунлы өткериў мақсетинде компьютер үскенелери ҳәм де жоқары тезликтеги интернет пенен тәмийинлеў ҳәм ҳәр қыйлы кибер-спорт жарысларын өткерип барыў ўазыйпалары жүклensин.

10. **Бухгалтерия есабы ҳәм мәмлекетлик алды-сатты бөлими** (Г.Бекмуратова) балалардың жазғы дем алыў орайларына ажыратылған қаржылардың мақсетке муўапық жумсалыўын тәмийинлесин.

11. **Финанслық анализ ҳәм режелестириў бөлими** (Т.Утепов) қаржыларды ажыратыў ҳәм мәўсим жуўмағы бойынша есабат бериў ўазыйпасы тапсырылсын.

12. **Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:**

Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў бөлимлери менен биргеликте район(қала)ларда темир дәптерине ҳәм ҳаяллар дәптерине киритилген шаңарақ перзентлериниң дизимин қәлиплестириў ҳам олардың дем алыў орайларында бийпул дем алыўын шөлкемлестириў; Ҳар бир район (қала)лардан республикамыздағы дем алыў орайларына баратуғын балалардың белгиленген орынларға жетип барыўында жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде ишки ислер бөлими хызметкерлериниң бақлаўында болыўын тәмийинлеў ўазыйпалары жүклensин

13. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өзимде қалдыраман.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл "28" май
№ 130

Қарақалпақстан Республикасы Халық
билимлендириў министриниң 2021-жыл
28 -майдағы 130 -санлы буйрығына 1-қосымша

## 2021-жылдың жаз мәўсиминде балаларды дем алдырыў хәм саўалландырыўға таярлықлар көриў хәм де жаз мәўсимин жоқары дәрежеде өткериў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң исши топары қурамы

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Ш.Таджимуратов | | Министр орынбасары, исши топар баслығы |
| 2. | Р.Танирбергенов | - | Руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбия хәм мектептен тыс билимлендириў бөлиминиң баслығы, исши топар қурамының жуўапкер хаткери |
| | **Ағзалары:** | | |
| 3. | И.Балтабаев | | Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў хәм тәмийинлеў, имарат қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекетлик-жеке шериклик бөлими баслығы |
| 4. | С.Хабипов | - | Билимлендириў мекемелеринде қәўипсизлик хәм балалар саламатлығын тәмийинлеў, саламат аўқатланыўды шөлкемлестириў секторы баслығы |
| 5. | С.Юсупов | - | Министрликтиң сабақлықлар хәм әдебиятлар секторы баслығы |
| 6. | Б.Байниязов | | “Ёшлик” дене тәрбия хәм спорт жәмийети баслығы орынбасары |
| 7. | Р.Худайбергенов | - | Хабар коммуникация технологияларын енгизиў хәм раўажландырыў бөлими баслығы |
| 8. | Г.Бекмуратова | - | Бухгалтерия есабы хәм мәмлекетлик алды-сатты бөлими |
| 9. | Т.Утепов | - | Финанслық анализ хәм режелестириў бөлими |
| 10. | Т.Даўлетмуратов | - | министрликтиң баспасөз хаткери |
| 11. | Министрликтиң қала хәм районлық халық билимлендириў бөлимлерине бириктирилген қәнигелери (кураторлар) | - | Дизим бойынша |
| 12. | Барлық ХББ баслықлары | - | Дизим бойынша |

Қарақалпақстан Республикасы Халық
билимлендириў министриниң 2021-жыл
28-майдағы 130-санлы буйрығына 2-қосымша

## 2021-жылдың жаз мәўсиминде Қарақалпақстан Республикасында шөлкемлестирилген стационар түрдеги балаларды дем алдырыў ҳәм саўалландырыў орайларына әмелий ҳәм методикалық жәрдемлер көрсетип барыўшы исши топары қурамы

| Қ/с | Балалар дем алыў орайлары аты | Дем алыў орайлары мәнзили | Сменалар саны | Жәми дем алатуғын балалар саны | Бириктирилген жуўапкерлер |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Ак кеме | Мойнақ районы Бузатаўов АПЖ, Шағырлы аўылы | 6 | 1500 | Ө.Хабибуллаев М.Аметов |
| 2 | Арал балалары | Елликқала районы, «Ақчакўл» АПЖ | 5 | 1200 | Р.Узақбергенов, И.Медетов, А.Нуримбетов |
| 3 | Айдын жол | Тақыятас районы, «Мәҳәлле» гүзары номерсиз жай | 5 | 800 | Қ.Бекбаўлиев, М.Даўылбаев, А.Орынбаева |
| 4 | Лочин | Төрткүл районы «Шурахон» АПЖ | 5 | 625 | Х.Бегдуллаев, Р.Ержанов, Д.Атаджанов |
| 5 | Арал | Нөкис қаласы Грачевая роща | 5 | 435 | М.Асеметдинов, Қ.Балтабаев, П.Ақназаров |
| 6 | Жас аулад | Нөкис қаласы Грачевая роща | 5 | 440 | Ш.Таджимуратов, Қ.Бекимбетов, П.Ақназаров |
| 7 | Қалдирғоч | Әмиўдәрья районы, Маңғыт қаласы | 5 | 400 | А.Даўлетбаев, А.Жоламанов, Х.Давлетяров |
| 8 | Рахат | Беруний районы, «Қият» МФЙдаги санатория | 5 | 400 | Е.Нуртаев, А.Худайбергенов |
| 9 | Сунқар | Қанлыкөл районы Педагогика колледжи | 4 | 320 | Р.Данияров, Т.Қрықбаев |
| 10 | Жайхун-2 | Қоңырат районы Санаат кәсип-өнер колледжи | 5 | 400 | Ж.Раметуллаев, Б.Хегай |
| 11 | Гулшан | Еликқала районы Санаат кәсип-өнер колледжи | 4 | 320 | Р.Узақбергенов, А.Нуримбетов |

Қарақалпақстан Республикасы Халық
билимлендириў министриниң 2021-жыл
28-майдағы 130-санлы буйрығына 3-қосымша

**Жаз мәўсими даўамында балаларды дем алдырыў ҳәм саўалландырыў орайларының жумысларын турақлы түрде қадағалап ҳәм жетилистирип барыўшы штаб қурамы**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Ш.Таджимуратов | - | Министр орынбасары, штаб баслығы |
| 2. | Р.Танирбергенов | - | Руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлиминиң баслығы, штаб баслығының орынбасары |
| 3. | Ө.Хабибуллаев | - | Руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлиминиң бас қәнигеси, штаб ағзасы |
| 4. | И.Медетов | - | Руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлиминиң жетекши қәнигеси, штаб ағзасы |
| 5. | А.Тилеўниязова | - | Руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлиминиң бас қәнигеси, штаб ағзасы |

**Ескертиў:** *Нөкис қаласы, Әмиўдәрья, Беруний, Мойнақ, Қоңырат, Қанлыкөл, Тақыятас, Төрткүл ҳәм Елликқала районлық халық билимлендириў бөлимлеринде жаз мәўсими даўамында стационар түрдеги балаларды дем алдырыў ҳәм саўалландырыў орайларының жумысларын турақлы түрде қадағалап ҳәм жетилистирип барыўшы штаб қурамы дүзиледи ҳәм министрликтиң штабына (тел. 61-222-24-29) ҳәр күни саат 19.00 де мағлыўмат берип барады.*